

# Pwoteje Dwa Elèv Imigran yo



**Chak timoun merite yon edikasyon ki an sekirite, ki bay sipò**

“Lekòl nou yo la pou nouri, edike, ak pwoteje chak elèv, kèlkeswa background yo.”

## Dwa Ptit Ou Pwoteje

Nan Zile Vyèj Ameriken yo, nou kwè edikasyon se fondasyon opòtinite ak kwasans. Chak timoun, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon, gen dwa pou resevwa edikasyon piblik gratis. Dwa sa a Garanti anba gwo desizyon Tribunal Siprèm Plyler v. Doe (1982).

VIDE angaje l pou l asire chak elèv gen aksè a yon anviwonman ki an sekirite e ki ankourajan kote yo ka pwospere.

## Pwomès VIDE bay Fanmi yo

- Konfidansyalite Premye:** VIDE gen yon angajman pou konfidansyalite. Yo p ap janm pataje enfòmasyon pèsonèl oswa fanmi y oak otorite imigrasyon sof si yon lòd tribunal valab, manda oswa manda mande l.
- Resous ou ka konte sou yo:** VIDE bay anplwaye fòmasyon kontinyèl pou defann dwa elèv y oak pou reponn avèk konpasyon a nenpòt enkyetid fanmi yo ka genyen.
- Fòmasyon konplè pou Anplwaye yo:** VIDE ekipe anplwaye y oak pwotokòl etap pa etap pou okipe entèraksyon ICE yon fason pwofesyonèl ak legalman.
- Byennèt Sosyal ak Emosyonèl:** Konseye lekòl yo bay sipò pou ede elèv y oak anplwaye yo navege sou santiman estrès, laperèz, oswa chòk.
- Kominikasyon regilye:** Paran ak gadyen yo ap toujou enfòme sou règleman, pwosedi, ak resous pou asire transparans ak konfyans.

“Transfòme elèv k ap aprann jodi a

Nan lidè demen yo”



# Otorize Fanmi Ou



## Pou Paran ak Gadyen: Otorize Fanmi Ou

- **Mizajou Kontak Ijans:** Kenbe enfòmasyon kontak ijans ptit ou a aktyal nan lekòl la epi mete adilt ou fè konfyans ki gen otrorizasyon pou vin cheche yo nan ka ta gen yon ijans.
- **Pale ak ptit ou yo:** Fè yo konnen yo an sekirite nan lekòl la epi eksplike etap yo ka pran pou yo rete kalm nan sitiayson estrès.
- **Prepare yon Plan Fanmi:** Kenbe dokiman enpòtan yo nan yon kote ki an sekirite epi idantifye moun ki fè konfyans ki ka aji an non w si sa nesesè.
- **Rete konekte ak lekòl ou a:**
  - . Asire w ke fòmilè kontak ijans ptit ou a mete ajou regilyèman.
  - . Kominike nenpòt enkyetid oswa chanjman nan detay kontak san pèdi tan.
- **Kreye yon Plan Preparasyon:**
  - . Idantifye mou nou fè konfyans ki ka pran swen ptit ou a nan absans ou.
  - . Diskite kiyès ptit ou a ta dwe kontakte ak ki etap pou w pran nan sitiayson ou pa ta atann.
- **Sipòte ptit ou a emosyonèlman:**
  - . Pale aklè sou dwa yo epi asire yo ke lekòl yo se yon espas ki an sekirite.
- **Kenbe idantifikaasyon lekòl la pare:** Asire w ke ptit ou a toujou gen idantite lekòl la oswa yon foto ki sere sou telefòn li.

## Resous Kominotè pou Otorize Ou

- Materyèl Konnen Dwa Ou yo: Aprann kijan pou jere entèraksyon ak otorite imigrasyon yo.
- Plan Preparasyon Fanmi: Gid etap pa etap pou ede fanmi yo prepare pou ijans.  
[https://www.ilrc.org/sites/default/files/resources/family\\_preparedness\\_plan.pdf](https://www.ilrc.org/sites/default/files/resources/family_preparedness_plan.pdf)

“Transfòme élèv k ap aprann jodi a

Nan lidè demen yo”



# Gid pou Jere Visit ICE nan Lekòl yo

**Header: Pwoteje Lekòl nou yo kòm yon refij sekirite pou aprann**

“Nou kanpe bò kote pitit ou yo pou asire yo ka konsantre sou aprantisaj san pè.”

## Pou Administratè ak Anplwaye Lekòl yo

Wòl ou nan kreye yon anviwònman ki an sekirite enpòtan anpil. Lè otorite imigrasyon yo vizite, swive tap sa yo pou asire sekirite ak dwa elèv nou yo:

### 1. Verifye kalifikasyon yo:

- Mande idantifikasiyon avèk politès, non ajans lan, ak objektig vizit la.
- Administratè y oak anplwayee yo ta dwe voye manda ak dokiman legal yo bay Biwo Sipètentandan an ki pral pataje y oak Biwo Konseye Legal la.

### 2. Kontakte lidèchip imedyatman:

- Notifye Sipètentandan Insular ou a pou plis konsèy.
- Pa pèmèt ajan ICE antre dirèkteman elèv yo san otorizasyon apwopriye.

### 3. Jere Demann an prive:

- Eskòte ajan yo nan biwo presipal la epi limite aksè yo nan lot zòn nan lekòl la.
- Evite entèraksyon konfwontasyon pou evite dezòd.

### 4. Pwoteje Konfidansyalite:

- Pa divulge okenn enfòmasyon elèv, dosye edikasyon, oswa detay pèsonèl san apwobasyon legal.

## Ansanm, Nou Kreye Lekòl Sekirite

Chak elèv merite yon kote ki an sekirite e ki ankourajan pou aprann. Nan VIDE, nou pran angajman pou defann dwa tout elèv yo epi pou pwoteje lekòl nou yo ki sakre.

“Transfòme elèv k ap aprann jodi a

Nan lidè demen yo”

